


Prezidan Thomas S. Monson



# Don repantans lan

**P**rezidan Thomas S. Monson te anseye: “Responsablite nou se leve tèt nou soti anba medyokrite pou n rive nan konpetans, soti nan echèk pou n rive nan akonplisman.” “Tach nou se vin pi bon nou kapab. Yonn nan pi gwo kado Bondye ba nou se lajwa pou nou eseye ankò a, paske okenn echèk pa janm definitiv.”<sup>1</sup>

Souvan, nou asosye rive yon nouvo ane avèk rezolisyon ak bi. Nou pran rezolisyon pou nou amelyore nou, pou n chanje, pou n eseye ankò. Petèt pi bon fason nou ka eseye ankò se lè nou anbrase sa Prezidan Monson rele “don repantans la.”<sup>2</sup>

Nan ekstrè nou pral wè yo, ki soti nan ansèyman li te bay depi l te vin Prezidan Legliz la, Prezidan Monson konseye nou pou n “aplike san ekspyatwa Kris la pou nou ka resevwa padon pou peche nou, ak pou kè nou kapab pirifye.”<sup>3</sup>

## Mirak padon an

“Nou tout konn fè chwa ki pa kòrèk. Si nou pa deja korije chwa sa yo, m asire nou ke gen yon mwayen pou nou fè sa. Pwosis la rele repantans. M priye nou pou nou korije erè nou yo. Sovè nou an te mouri pou l te bay ou menm avèk mwen kado beni sa a. Menmsi chemen an pa fasil, pwomès la reyèl: ‘Menmsi peche nou yo ta tache wouj tankou san, yo ka vin blan tankou lanèj’[Ezayi 1:18]. ‘Epi mwen menm. Senyè a, m pa sonje yo ankò’[D&A 58:42]. Pa mete lavi etènèl nou andanje. Si nou peche, pi

vit nou kòmanse retounen sou chemen dwat la, se pi vit n ap jwenn bèl lapè ak lajwa ki soti nan mirak padon an.”<sup>4</sup>

## Retounen sou chemen an

“Malgre li enperatif pou nou chwazi avèk sajès, gen moman kote nou pral fè chwa ki ensanse. Kado repantans la Sovè a banou an, pèmèt nou chanje kap sou wout nou pran an, pou nou ka retounen sou chemen k ap mennen nou nan lagwla selès n ap chèche a.”<sup>5</sup>

## Chemen pou retounen an

“Si nenpòt nan nou tonbe nan vwayaj la, m asire nou ke gen yon mwayen pou n retounen. Pwosis la rele repantans. Menmsi chemen an difisil, sali etènèl nou depann de li. Kisa k ka pi merite efò nou? M priye nou pou n deside kounyeya menm pou n pran etap nesèsè pou n repanti totalman yo. Pi vit nou fè sa, se pi vit n ap ka jwenn lapè ak tranquillite ak asirans Ezayi pale a [gade Ezayi 1:18].”<sup>6</sup>

## Moun kapab chanje

Nou bezwen sonje ke moun ka chanje. Yo ka kite move abitud yo genyen. Yo ka repanti pou transgresyon yo. Yo ka detni prèttriz la diyman. Epi yo ka sèvi Senyè a ak dilijans”<sup>7</sup>

## Vin pwòp ankò

“Si ta gen nenpòt bagay ki pa bon nan lavi ou, gen yon mwayen pou w ka korije sa. Sispann tout move bagay w ap

fè. Pale avèk evèk ou. Kèlkeswa sa pwoblèm nan ye, ou ka simonte l atravè bon jan repantans. Ou ka vin pwòp ankò.”<sup>8</sup>

### Wòl esansyèl Sovè a

“Sa k esansyèl nan plan [sali] a se Sovè nou an, Jezikri. San sakrifis ekspyatwa L la, tout moun t ap pèdi. Men, sa pa ase pou nou senpleman kwè nan Li ak nan misyon L lan. Nou bezwen travay epi aprann, chèche epi priye, repanti epi amelyore nou. Nou bezwen konnen lwa Bondye yo epi aplike yo. Nou bezwen resevwa òdonans sali L yo. Se sèlman lè nou fè sa n ap jwenn vrè bonè a.”<sup>9</sup>

#### NÒT

1. “The Will Within,” *Ensign*, Me 1987, 68.
2. “Choices,” *Liahona*, Me 2016, 86.
3. Mozya 4:2.
4. “The Three Rs of Choice,” *Liahona*, Nov. 2010, 69.
5. “Choices,” 86.
6. “Keep the Commandments,” *Liahona*, Nov. 2015, 85.
7. “See Others as They May Become,” *Liahona*, Nov. 2012, 68.
8. “Priesthood Power,” *Liahona*, Me 2011, 67.
9. “The Perfect Path to Happiness,” *Liahona*, Nov. 2016, 80–81.

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Pa gen nou youn ki pafè—se sèlman atravè don repantans lan, sakrifis Jezikri a rann posib la, nou ka pwòpte anba peche nou e amelyore lavi nou. Panse pou diskite avèk moun w ap anseye yo sou fason nou ka “korige wout nou” atravè repantans. Ki fason yo konn santi yo pi pre Pè Selès la ak Jezikri atravè chanjman pozitif yo te fè nan lavi yo? Ou gen dwa envite moun w ap anseye yo pou yo ekri rezolisyon espiyèl yo pran pou nouvo ane a epi bay yon zanmi, konjwen yo, oubyen lòt manm nan fanmi yo rapò sou pwogrè yo.

## JÈN YO

### Pran rezolisyon pou w repanti

**P**rezidan Monson eksplike ke “responsablite nou se leve tèt nou soti anba medyokrite pou n rive nan konpetans, soti nan echèk pou n rive nan akonplisman.” Tach nou se vin pi bon nou kapab.” An Janvyè, anpil moun pran desizyon pou yo fikse bi ak detèmine fason

yo ka amelyore: souri pi plis, manje pi byen, oubyen aprann yon nouvo bagay. Pandan ke bi sa yo kapab ede nou chanje vin pi bon an, pi bon fason pou n chanje a se atravè repantans.

Menmsi repantans ka difisil, se yon kado li ye! Si nou apiye sou Jezikri pou nou repanti pou peche nou, n ap kapab pwogrese epi grandi. Prezidan Monson te di: “Sa k esansyèl nan plan [sali] a se Sovè nou an, Jezikri. San sakrifis ekspyatwa L la, tout moun t ap pèdi.” Atravè repantans, nou kapab pwòpte anba peche nou yo epi pwogrese pou nou vin menmjan avèk li.

Panse ak yon bagay ki ka anpeche w vin menmjan ak Sovè a. Èske se langaj ou? Èske se fason ou trete zanmi w oswa fanmi ou? Lè w fin panse sou sa w ka amelyore yo, priye Pè Selès la epi di l dezi ou pou chanje a. Sonje ke, atravè pouvwa Ekspyasyon l lan, Jezikri kapab ede nou simonte feblès nou. Jan Prezidan Monson anseye a: “Kado repantans la Sovè a banou an, pèmèt nou chanje kap sou wout nou pran an.”

Pandan ke bi nou fikse pou nouvo ane yo kapab ede nou pwogrese, pi bon fason pou n chanje a se atravè repantans.

Gade “Eight Myths about Repentance” (Yuit mit osijè repantans) nan [lds.org/go/1186](https://lds.org/go/1186) tou.

## TIMOUN

### Repantans se yon kado

**K**ado repantans la se pa yon kado nou ka wè ni touche. Men, se yon kado nou ka santi. Sa vle di ke lè nou fè yon move chwa, nou ka repanti epi santi lapè ak bonè ankò.

Pè Selès la ak Jezikri ap toujou ede nou repanti. Fè desen yon foto ki mache avèk chak etap diferan repantans yo.

Nou regrèt.

Nou priye Pè Selès la, nou di l sa k rive a, epi nou mande èd li pou n fè pi bon chwa pwochèn fwa a.

Nou mande eskiz epi nou eseye fè pi byen.

Nou santi lapè epi nou konnen nou jwenn padon.



Flafwa, Fanmi, Sekou

# Kenbe kontak avèk li tout tan, tout kote, nan tout kalite fason

*Vizit nan fwaye konsène asistans. Jezi te asiste moun tout tan ak tout kote. Nou ka fè menmjan tou.*

“**A**siste” se rann sèvis, pran aswen, oubyen bay èd ki ka kontribye nan konfò ak bonè yon lòt moun. Bi vizit nan fwaye se pou dekouvri fason pou nou asiste moun n ap vizite yo. Jezikri te asiste tout moun—tout tan ak nan tout kote. Li te bay 5.000 moun manje, li te rekonfòte Mat ak Mari nan lanmò frè yo a, epi li te anseye fi bò pi a levanjil la. Li te fè sa akoz lanmou sensè li.

Si n suiv egzanp li, noumenm, enstriktris nan fwaye, ka vin konnen ak renmen chak sè n ap vizite, pandan n ap sonje ke lanmou se fondasyon tout sa nou fè. Lè nou priye pou n jwenn enspirasyon pou n ka konn kijan pou n sèvi li ak ede l fòtifye lafwa li, “nou pa p ka anpeche zanj yo vin asosye avèk [nou].”<sup>1</sup>

Soti nan jou yo te òganize Sosyete Sekou a an 1842, rive jodia, ministè fi yo beni anpil lavi. Pa egzanp, Joan Johnson, yon vè 82 zan, ak konpay vizit nan fwaye li vizite vwazin yo a ki gen 89 an e ki gen maladi nemoni. Yo te reyalize ke vwazin nan pa t bezwen yo yon fwa pa mwa sèlman, konsa, yo te kòmanse vizite li chak semèn, an pèsòn oswa nan telefòn.

Pou kèk lòt enstriktris nan fwaye, voye yon tèks oswa yon imel pou bay ankourajman gen dwa se pi bon bagay pou fè pou yon sè mwa sa a. Fè koneksyon pèsònèl epi koute avèk yon atitud lanmou se esans vizit nan fwaye. Teknoloji modèn nan ak vizit an pèsòn ki te toujou egziste a ap ede nou fè sa tout tan, tout kote, nan tout kalite fason.<sup>2</sup> Sa se ministè jan Jezi te fè a.

## NÒT

1. *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 454.
2. *Gade Manyèl 2: Administrasyon Legliz la* (2010), 9.5.1.

## Panse sou sa

Kijan n ka sispann enkyete n sou “sa k konte” pou vizit nan fwaye pou, olyedesa, nou konsantre nou sou sa chak sè bezwen nan men enstriktris nan fwaye li?

## Sèvi

Olye de yon mesaj espesifik, chak mwa, paj sa a ap montre yon prensip diferan pou ede nou youn asiste lòt pi efikasan. Si nou priye epi nou chèche enspirasyon, n ap konnen ki mesaj espiyèl ak ki sèvis chak sè bezwen.